



Kisa pou w Fè Apre Tès COVID-19 Ou

Men kèk bagay enpòtan pou ou pa blye lè w resevwa rezulta tès ou yo epi w ap anvizaje pou reprann aktivite oswa pou ou retounen nan travay.



Izole Tèt Ou Pandan W Ap Tann Rezulta Tès yo

Si yo te fè tès pou ou paske ou te santi sentòm oswa ou te ekspose ak yon moun ki enfekte avèk COVID-19, rete lakay ou nan yon kote lwen lòt moun jiskaske rezulta tès ou yo tounen.

Apre sa, swiv konsèy yo ki sou fèy sa a.

Si moun ou te ekspose ak li a se te yon moun nan fwaye ou oswa lòt moun entim, pou plis sekirite, rete lakay ou pandan 14 jou apati lè ou panse ou te ekspose nan kowonaviris lan. Ou ka reprann aktivite nòmal yo si ou pa vin gen sentòm nan lespas 14 jou sa yo.



Si Tès Ou Negatif, Evite Ekspozisyon nan Kowonaviris

Si rezulta tès ou an **negatif**, ou pa kontajye kounye a epi ou ka reprann aktivite deyò kay ou.

Pratike *distans sosyal* deyò kay ou, kote ou rete omwen 6 pye de lòt moun. Sa enpòtan sitou si ou se yon moun ki gen pi gwo risk pou vin malad anpil.

Kouvri nen ak bouch ou avèk yon twal oswa pwoteksyon figi an publik FDA apwouve. Men pa blye, yon pwoteksyon figi pa ranplase distans sosyal.

Kouvri tous ak etènye ou avèk yon klinèks oswa andedan koudbra ou.

Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn omwen. Si savon ak dlo pa disponib, itilize yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.

Si ou ekspose avèk yon moun ki gen COVID-19 oswa ou vin gen sentòm COVID-19 (tankou yon lafyèv pèsistan, tous sèk oswa pwoblèm pou respire), kontakte yon founisè swen sante.

Si Tès Ou Pozitif, Rete Lakay Ou epi Rete an Sekirite!



ISi ou tès ou **pozitif**, keseswa ou te gen oswa ou pa te gen sentòm COVID-19, ou dwe rete lakay ou pandan omwen 10 jou apati dat tès ou an oswa apati kòmansman sentòm yo, selon sa ki te rive anpremye a.

Ou ka kite kay ou epi gen possiblité pou ou retounen nan travay yon fwa sentòm ou yo te diminye epi ou te refè ase pou ou te gen yon tanperati nòmal, san ou pa t pran medikaman pou bese lafyèv, pandan 72 èdtan, yon bagay ki ka rive pandan 10 jou izolman nan kay la. Men, founisè swen sante ou ka sijere yon peryòd ki pi long pou ou izole tèt ou oswa pou ou fè tès swivi baze sou sikontans ou espesyalman.

Machaswiv pou Izolman nan Kay

- Si sa posib, eseye rete omwen 6 pye lwen moun nan fwaye ou ak bèt kay ou.
- Mete yon mask pou figi lè ou ozalantou lòt moun.
- Sèvi nan yon chanm akouche ak saldeben apa, si sa posib, epi manje nan yon pyès oswa yon zòn apa.
- Evite pataje sèvyèt, asyèt ak vè.
- Asire w ke sifas ki manyen souvan yo netwaye AK dezenfekte chak jou avèk dezenfektan kay anrejistre nan EPA.

Sant pou Kontwòl Maladi (Centers for Disease Control) bay konsèy pou Pran Swen Yon Moun Malad Lakay ou.

Si ou pa kapab kenbe distans nan kay la, Vil Stamford ofri lojman pou izolman. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Depatman Sante Piblik la nan (203) 977-4370 ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m.

Si yon moun nan kay la vin gen sentòm ki gendwa COVID-19, rele founisè swen sante ou pou jwenn konsèy medikal oswa liy dirèk Stamford lan pou COVID-19 nan 203-276-4111 (7 jou pa semèn, 7:00 a.m. ak 7:00 p.m.).

Siveye Nenpòt Sentòm epi Chèche Swen Medikal, si sa nesesè

Chèche swen medikal si ou gen difikilte pou respire oswa si ou vin gen yon gwo lafyèv oswa lòt sentòm grav.

Rele founisè swen sante ou (oswa 911 pou yon ijans medikal) epi di yo ou gen tès pozitif pou COVID-19 anvan ou ale nan yon etablisman.

Mete yon mask pou figi anvan ou antre nan etablisman an oswa anvan pèsonèl dijans lan rive pou ede pwoteje founisè swen yo.

Si ou gen yon operasyon chirijikal oswa yon tès medical ki pwograme nan yon mwa apre yon tès COVID-19 pozitif, tanpri rele kabinè founisè swen ou an pou nenpòt machaswiv anplis.



Retounen nan Travay an Sekirite Apre Enfeksyon COVID-19

Byenke CDC rekòmande yon peryòd izolman 10 jou omwen apre tès ou pozitif, founisè swen sante ou ka sijere yon peryòd ki pi long pou ou izole tèt ou oswa pou ou fè tès swivi baze sou sikontans ou espesyalman. Si ou fini ak peryòd izolman ki rekòmande a epi ou pa gen sentòm, founisè swen sante ou kapab ba ou yon lèt ki otorize ou reprann travay.

Menm apre ou kite izolman tèt ou, kontinye pran mezi pou prevansyon (mask, lave men, ak distans sosyal) paske yo pa fin konnen si moun ki te enfekte avèk COVID-19 vin rezistan oswa gen iminite pou yo pa enfekte ankò.

